



Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON DEPATMAN ENÈJI A POU
FINANSE PWOGRAM AKSESIBILITE NAN ENÈJI POU NOUYÒKÈ KI GEN REVNI
BA YO**

*Depatman Enèji a apwouve plan pou New York gen aksè ak finansman Lwa sou
Rediksyon Enflasyon an pou sipòte efikasite enèji ak modènizasyon nan enèji
pwòp*

*Fè avanse objektif Gouvènè a pou atenn de milyon kay ki ekolojik disi 2030 ak
objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik la pou diminye emisyon gaz efè sè yo a 85
pousan disi 2050*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a apwobasyon aplikasyon pòte pasyèl New York pou finansman fòmil sibvansyon Pwogram Elektrifikasyon Kay ak Rabè sou Aparèy (Home Electrification and Appliance Rebates, HEAR) Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Etazini. Apwobasyon sa a baze sou angajman Eta New York pou amelyore kay fanmi ki gen revni ba yo avèk dènye amelyorasyon nan efikasite enèji ak enèji pwòp ki pral rann yo pi konfòtab epi redwi depans enèji yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) ki prensipal nan peyi a pou diminye emisyon gaz efè sè yo a 85 pousan disi 2050 epi fè avanse objektif Gouvènè Hochul pou rive gen de milyon kay ekolojik disi 2030.

"New York ap fikse vitès nan tranzisyon nan kay modèn, abòdab ak efikas. Avèk finansman Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an, nou kontinye tranzisyon an pou kreye yon avni enèji pwòp abòdab ki benefisye tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou remèsye Prezidan Biden, Sekretè Granholm ak Delegasyon Kongrè New York la pou sipò yo epi nou fyè pou nou fè patenarya ak Depatman Enèji pou dirije opòtinite istorik sa a epi konstwi yon avni ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo."

Aplikasyon Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te soumèt bay Depatman Enèji Eta Etazini (DOE) te mande 39.6 milyon dola nan premye finansman, sa ki pral pèmèt pwogram EmPower+ NYSERDA pou revni ki ba yo bay plis efikasite enèji ak amelyorasyon elektrik ki benefik, k ap elaji pòte aktyèl li. Eta New York elijib pou l

resevwa yon total 317.7 milyon dola atravè pwogram Rabè sou Enèji nan Kay IRA DOE a: 159.3 milyon dola pou Rabè sou Efikasite nan Kay ak 158.4 milyon dola pou pwogram HEAR.

Pwopriyetè ki elijib pou youn a kat kay fanmi yo pral kapab resevwa gwo rabè, jiska 100 pousan pri total pwojè a, pou izolasyon ak sele lè, ponp a chalè pou chofaj espas ak dlo, ak nenpòt amelyorasyon elektrik ki nesèsè pou sipòte amelyorasyon sa yo. Aplikasyon sa a reprezante premye etap nan resevwa finansman Lwa sou Rediksyon Enflasyon (IRA) pou pòtfèy konplè [Rabè sou Enèji nan Kay](#) IRA a. NYSERDA ap planifye pou lanse òf pwogram Rabè sou Enèji nan Kay IRA a elaji pita ane sa a apre DOE te soumèt ak pwouve aplikasyon konplè a.

NYSERDA ap travay kounye a pou devlope ak soumèt aplikasyon HEAR konplè a pou pèmèt òf rabè pou rezidan ki gen revni modere ak pou pwopriyetè pi gwo bilding plizyè fanmi pou moun ki gen revni ba ak modere, ki gen ladan rabè pou aparèy ki trè efikas.

Anplis de sa, pou itilize finansman federal konplè ki disponib pou Eta New York, NYSERDA pral aplike nan pwogram Rabè pou Efikasite nan Kay la, ki pral elaji plis aksè rezidan yo nan amelyorasyon pou ponp chalè ak lòt teknoloji pwòp, ki ba nan kabòn.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Pwogram Odasye e ki gen anpil enpak sou Elektrifikasyon Kay ak Rabè sou Aparèy la, ki te ke Lwa istorik sou Rediksyon Enflasyon an te kreye, se yon gayen-gayan-gayan ki pral ekonomize lajan konsomatè yo sou bòdwo enèji, diminye polisyon ki lakòz chanjman nan klima ak fè avanse jistis anviwònman an. 158 milyon dola nan finansman federal sa a pral ede Nouyòkè ki gen revni ba yo ekonomize sou bòdwo enèji yo epi redwi polisyon lè yo ranplase aparèy sal, ki pa efikas avèk inite enèji modèn. Pwogram Elektrifikasyon Kay ak Rabè sou Aparèy la se yon lòt gwo egzanp politik ki gen anpil enpak ki entegre nan kè Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pou diminye emisyon yo pandan y ap ankouraje jistis anviwònman an epi ankouraje plis investisman nan teknoloji ki pi pwòp. Mwen fyè pou m bay finansman sa a epi mwen pral kontinye goumen pou diminye polisyon ak ekonomize depans pou mennen New York nan yon avni ki pi an sante."

Reprezantant Nydia M. Velázquez, te deklare, "Pwogram Elektrifikasyon Kay ak Rabè sou Aparèy la pral ede non sèlman konbat chanjman klimatik epi inogire plis jistis klimatik pou kominote nou yo, men tou li pral tou bese depans fanmi k ap travay atravè eta a. Finansman sa a pral ede fè kay New York yo pi efikas nan enèji epi bay yon gwo ekonomi, epi mwen kontan wè enpak pozitif pwogram sa a sou distri mwen an. Mwen te fyè pou m sipòte kreyasyon pwogram sa a atravè Lwa sou Rediksyon Enflasyon an, epi mwen remèsye Prezidan Biden ak Gouvènè Hochul paske yo te fè sa posib."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen te ede defann pwogram sa yo nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an paske nou konnen rabè yo kapab yon zouti pwisan pou pèmèt moun amelyore kay yo ak modènize aparèy yo, sa ki te pote gwo ekonomi nan bòdwo enèji Nouyòkè yo. Mwen tèlman fyè dèske New York pral kontinye mennen

nasyon an nan yon avni enèji ki pi pwòp, ki pi abòdab, epi mwen espere sipòte efò eta a pou rann fon sa yo disponib pou Nouyòkè yo pi vit posib."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Twòp fanmi te santi presyon pri k ap monte. Soti nan swen sante pou medikaman sou preskripsyon pou rive nan chofaj ak refwadisman kay yo, moun yo te oblije ekonomize pou yo ka siviv. Avèk sipò lajan federal mwen te jwenn nan kad Lwa sou Rediksyon Enflasyon an, nouvo pwogram Depatman Enèji sa a pral ede asire ke kay moun yo mete ajou ak teknoloji ki ekonomize enèji ak ekonomize depans, tout sa a nan yon pri redwi. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li, e m pa ka tann pou m wè plis opòtinite pou m travay ansanm epi ede fanmi yo nan Konte Monroe ak nan tout Eta New York."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Okenn fanmi pa ta dwe oblije chwazi ant peye pou pwovizyon ak kenbe kay yo cho nan sezon fredri a. Soulajman dirèk sa a nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pral chanje jwèt la pou fanmi yo atravè Hudson Valley. Mwen pral kontinye goumen pou pote investisman sa yo isit la nan Hudson Valley pou ede soulaje presyon sou fanmi k ap travay di jodi a, bati valè kay yo pou lavni, epi kreye yon anviwònman ki pi pwòp pou jenerasyon k ap vini yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou kapab elaji pwogram EmPower+ ki gen siksè NYSERDA pou rezidan ki gen revni fèb yo avèk apwobasyon aplikasyon pou Elektrifikasyon Enèji nan Kay ak Rabè sou Aparèy New York la. Dapre Lwa sou Klima Eta a, nou te pran angajman pou asire tout Nouyòkè yo benefisye investisman enèji pwòp, e sa se yon premye etap enpòtan nan direksyon pou bay popilasyon ki pi vilnerab nou an pouvwa pou fè amelyorasyon esansyèl nan efikasite enèji ki rann kay yo vin pi an sekirite ak pi konfòtab pou viv."

Prezidan Asosyasyon Kontraktè Pèfòmans Bilding nan Eta New York, Hal Smith, te deklare, "BPCA nan Eta New York trè kontan pou l kapab kòmanse gwo pwogram sa a. Sa a se yon bon nouvèl pou tout kontraktè k ap fè amelyorasyon nan enèji efikas pou Nouyòkè ki gen revni ba yo. Sa ap pèmèt nou fè bokou plis nan direksyon objektif pou nou gen kay ekolojik yo."

Direktè Politik Eta New York pou Rewiring America, Michael Hernandez, te deklare "Nou ta dwe bat bravo pou New York paske l se premye nan nasyon an ki etabli yon pwogram Elektrifikasyon Kay ak Rabè sou Aparèy ki te posib gras a Lwa sou Rediksyon Enflasyon an. Investisman istorik sa a pral ede bese bòdwo enèji yo epi kreye kay ki pi an sante, ki pi konfòtab pou moun ki plis bezwen li epi asire ke tout Nouyòkè, kèlkeswa revni yo, gen opòtinite pou yo pwofite avantaj aparèy ki gen gwo pèfòmans, ki ekonomize enèji."

Bilding yo se sous ki pi enpòtan nan emisyon gaz a efè sè nan Eta New York ak atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, yo ap investi plis pase 6.8 milya dola pou dekarbonize bilding yo. Lè nou amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo ak fè avanse enstalasyon ekipman estokaj, enèji renouvlab ak ekipman rechaj pou veyikil elektik yo

sou plas nan tout eta a, Eta a pral redwi polisyon kabòn li epi avanse nan direksyon sib anbisye pou l redui konsomasyon enèji pa 185 BTU (British thermal units) disi 2025, ki ap ekivalan a alimantasyon 1.8 milyon kay.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030 ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l atenn yon sektè elektrisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab disi 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)